



Pou Piblikasyon Imedya: 11/04/2023

GOUVÈNÈ KATHY HOCHUL

**GOUVÈNÈ HOCHUL ANONSE PREMYE BENEFISYÈ PWOGRAM BOUS DETID
POU SANTE MANTAL LA KI KOUTE 4 MILYON DOLA**

Finansman pral ogmante pousantaj retansyon ak achèman etidyan premye sik ak sik siperyè yo ki pa reprezante ase nan domèn sante mantal

Pwogram nan vize agrandi ak divèsifye filyè pwofesyonèl sante mantal la

Gouvènè Kathy Hochul te anonse jodi a premye benefisyè pwogram bous detid ki koute 4 milyon pou sipòte etidyan ki pa reprezante ase yo k ap antre oswa ki enskri nan pwogram diplòm sante mantal la nan State University of New York (SUNY) oswa City University of New York (CUNY). Pwogram nan vize elaji ak divèsifye mendèv sante mantal New York la, ki pa gen ase reprezantasyon gwoup minorité etnik ak rasyal yo, espesyalman nan pozisyonl ki mande diplòm avanse oswa sètifikasyon ki baze sou edikasyon. Pwogram nan rive posib gras ak yon sibvansyon federal ke yo bay Biwo Sante Mantal Eta New York (Office of Mental Health, OMH) la.

"Atravè patenarya sa a ak SUNY ak CUNY, n ap franchi yon etap enpòtan nan direksyon pou kreye yon sistèm swen sante piblik ki vrèman reflekte kominote li sèvi yo", **Gouvènè Hochul te deklare.** "Felisitasyon pou dènye benefisyè yo ke devouman yo nan domèn sa a pral kontribye nan yon avni ki pi an sante, ki pi ekitab pou tout Nouyòkè yo."

Premye benefisyè yo se 11 etidyan ki soti nan sis kanpis SUNY diferan. Benefisyè yo se:

- **Daisy Calvario Velasco**, Etidyan an Dezyèm ane nan Devlopman Imen, Binghamton University
- **Celine DeCambre**, Majè Jinyò nan Sikoloji, University at Buffalo
- **Caitly Dominici**, Majè Jinyò nan Sikoloji, Purchase College
- **Michelle Dong**, Etidyan nan Dezyèm ane nan Sosyoloji, University at Albany
- **Jeannette Guasio**, Etidyan nan 1e Ane Metriz nan Travay Sosyal, Binghamton University
- **Quinn Hendershot**, Etidyan nan 2èm ane Doktora nan Sikoloji Klinik, Binghamton University

- **Theresa Meija**, Etidyan nan 2èm ane Doktora nan Sikoloji Klinik, Binghamton University
- **Luiza Perez Ortiz**, Etidyan nan 1e Ane Metriz nan Konsèy Sante Mantal, University at Buffalo
- **S. Rashid**, Etidyan 1e Ane Metriz nan Sikoloji, University at Buffalo
- **Ramsha Suhail**, Etidyan nan 1e Ane Metriz nan Konsèy Sante Mantal, SUNY Old Westbury
- **Esther Turay**, Majè Jinyò nan Sikoloji, University at Buffalo

Nan mwa out 2022, Gouvènè Hochul te anonse SUNY ak CUNY yo chak te resevwa 2 milyon dola nan Biwo Sante Mantal Eta New York la pou sipòte etidyan ki pa reprezante ase yo nan pwogram sante mantal la. Etidyan yo chwazi pou pwogram bous detid la pral resevwa yon bous detid monetè pandan y ap pwogrese nan pwogram nan; mentora ak pwofesyonèl sante mantal yo; pwogram anrichisman ki fòme ak prezantasyon pwofesyonèl sante mantal ak ekspè nan domèn nan; ansanm ak estaj nan etablisman sante mantal ak/oswa ak founisè sante mantal yo.

Domèn sante mantal la, menm jan ak anpil pwofesyon medikal, ap sibi gwo mank klinisyen, an patikilye klinisyen ki pale plizyè lang, ki kontinye lakòz disparite nan jwenn bon jan kalite tretman pou moun ki pa konpetan nan lang Anglè a. Anplis ede elèv yo akeri ladrès ak kalifikasyon yo pou yo bati yon karyè ki bay rekonpans, inisyativ sa a ap travay pou diminye diferans nan sante mantal yo jwenn nan divès kominote eta a nan ogmante nivo sèvis yo bay nan yon fason ki enpòtan kiltirèlman.

Doktè Ann Sullivan, ki se Komisè Biwo Sante Mantal nan Eta New York, te deklare, "OMH fyè dèske li te kreye pwogram bous detid sa a pou etidyan ki pa reprezante ase yo k ap chèche vin pwofesyonèl sante mantal. Patenarya nou ak SUNY ak CUNY pral ede nou kreye yon mendèv sante mantal ki pi divèsifye ki pral pèmèt nou pi byen angaje ak travay avèk patenarya ki pa jwenn ase sèvis yo ak kominote majinalize yo atravè Eta a."

Rektè State University of New York la, John B. King, Jr., te deklare, "Nan yon moman kote swen sante mantal pi enpòtan pase anvan, nou dwe simonte sous-reprezantasyon etidyan ki gen koulè yo nan pwofesyon sante mantal yo. SUNY pran angajman pou divèsifye domèn sante mantal la paske yon mendèv ki gen anpil konpetans, ki divèsye lakoz pi bon swen pou pasyan yo ak pi bon rezilta sante, epi paske karyè sa yo ki ekonomikman ak emosyonèlman rekonpanse yo dwe akeyan pou tout moun. Mwen remèsye Gouvènè Kathy Hochul pou lidèchip li ak Biwo Sante Mantal Eta New York la pou sipò ak patenarya li."

Reprezantan Paul Tonko te deklare, "Mendèv sante mantal nou an gen lontan depi l ap lite ak yon mank divèsite, epi pwoblèm ki pèsistan sa a twò souvan lakoz plis mank aksè ak swen ki pa pwopòsyonèl pou kominote koulè yo. Nou dwe fè tout sa nou kapab pou divèsifye pwogram edikatif nasyon nou an epi ekipe etidyan yo pou pouswiv domèn sa a. Nan objektif sa a, mwen kontan wè y ap bay finansman federal sa a pou etidyan yo atravè eta nou an. Felisiteyasyon mwen pou Michelle, Theresa, ak tout etidyan yo pou

bousdetid yo merite, epi mèsi yo paske yo itilize talan imans yo pou sèvi ak bay an retou nan kominote nou yo."

Reprezantan Adriano Espaillat te deklare, "Felisitasyon pou chak jèn inivèsité sa yo pandan y ap antre nan pwochen faz nan vwayaj akademik yo epi pou yo vin premye benefisyè ki resevwa fon bousdetid enpòtan sa a ki vize pou ogmante reprezantasyon minorite yo nan domèn sante mantal yo. Yo se flanbo espwa ak akonplisman k ap briye, epi mwen pa ka tann diferans yo pral fè nan lavi lòt moun atravè kominote nou an."

Prezantasyon State University of New York

State University of New York se pi gwo sistèm konplè nan edikasyon siperyè nan Etazini epi plis pase 95 pousan nan tout Nouyòkè yo ap viv nan yon distans 48 km de nenpòt nan 64 fakilte oswa inivèsité SUNY yo. Nan tout sistèm lan, SUNY genyen kat sant sante akademik, senk lopital, kat fakilte medikal, de fakilte dantè, yon lekòl dwa, sèl inivèsité optometri Eta a, epi li jere yon Laboratwa Nasyonal Depatman Enèji Etazini (US Department of Energy National Laboratory) an. An total, SUNY sèvi anviwon 1.4 milyon etidyan nan tout pòtfèy kou ak pwogram kredi epi ki pa mande kredi, edikasyon kontinyèl ak pwogram sansibilizasyon kominotè yo. SUNY an siveye prèske yon ka nan rechèch akademik nan New York. Depans pou rechèch yo nan tout sistèm nan te prèske 1.1 milya dola nan ane fiskal 2022 an, ki gen ladan gwo kontribisyon nan men etidyan ak pwofesè yo. Genyen plis pase twa milyon ansyen etidyan SUNY nan monn lan epi youn sou chak twa Nouyòkè ki genyen yon diplòm inivèsité se yon ansyen etidyan SUNY. Pou jwenn plis enfòmasyon sou fason SUNY kreye opòtinite, vizite www.suny.edu.

###

Lèt nouvèl disponib sou sit www.governor.ny.gov
Eta New York | Chanm Egzekitif | press.office@exec.ny.gov | 518.474.8418